



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZYÈM FAZ PRIM SIBVANSYON POU  
DEVLOPMAN MENDÈV ESTRATEJIK BOWO A KI TOTALIZE PLIS PASE 7 MILYON  
DOLA**

***Katòz pwojè atravè eta a pral pwofite plis pase 6.3 milyon dola nan finansman  
piblik/prive pou sipòte prèske 3,700 estajyè pou plis pase 100 patnè biznis***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la te bay plis pase 7 milyon dola sibvansyon pou katòz pwojè atravè eta a atravè dezyèm faz Pwogram Sibvansyon Kapital ak Peye pou Pèfòmans lan. Sibvansyon sa yo pral sipòte fòmasyon prèske 3,700 travayè atravè kolaborasyon ant founisè fòmasyon ak plis pase 100 patnè anplwayè nan domèn tankou manifakti avanse, enèji renouvlab ak konstriksyon. Biwo a, ki fonksyone anba Empire State Development, gen responsablite pou sipòte pwogram ak pratik devlopman mendèv pou asire Nouyòkè yo pare pou satisfè bezwen ak priyorite anplwayè yo jodi a.

"Investisman ki pi enpòtan nou ka fè se nan moun New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo Biwo Devlopman Mendèv Estratejik nou an pral sipòte bezwen biznis New York yo pandan l ap bay resous pou pwogram fòmasyon k ap retire baryè ki genyen depi lontan nan fòmasyon ak konpetans ki nesèsè pou pwospere nan mendèv alavni an."

Premye faz prim Biwo Devlopman Mendèv Estratejik la ki te [anonse](#) nan fen ane pase a, te bay plis pase 6 milyon dola epi yo pral pwofite plis pase 4 milyon dola nan finansman piblik/prive epi sipòte prèske 3,000 estajyè pou plis pase 100 patnè biznis.

Sibvansyon yo akòde bay katòz pwojè jodi a yo pral sipòte pwogram fòmasyon mendèv ki gen gwo konpetans ki baze sou anplwayè yo epi rekonpanse apwòch inovan ak pi bon pratik ki diminye baryè pou patisipasyon kominote ki gen gwo bezwen yo. Pwogram Sibvansyon Kapital 35 milyon dola pral sipòte bezwen kapital founisè fòmasyon mendèv k ap chèche amelyore oswa elaji òf yo. Pwogram Sibvansyon Reminerasyon pou Pèfòmans (Pay for Performance, P4P) ki koute 115 milyon dola gen de volè finansman: Sibvansyon Fonksyonman Fleksib ki ede founisè yo kouvri depans pwogramasyon tankou devlopman kourikoulòm ak sèvis konplè pou prepare Nouyòkè yo ak konpetans ki gen demand yo ak kalifikasyon endistri yo rekonèt yo; ak Prim pou Bati Kapasite, yon

apwòch ki baze sou done ak mezi pou ogmante pwogram fòmasyon mendèv ki pwouve ki aktivman plase gradye yo nan bon travay. Lè yo sèvi ak prim ki baze sou akonplisman, founisè fòmasyon mendèv yo pral resevwa finansman pou elaji kapasite pwogram yo ki fè siksè ak to plasman ki wo ak sèvis konplè ki efikas.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Biwo Devlopman Mendèv Estratejik nou an ap fè investisman entèlijan ak estratejik nan pwogram ki pral bay mendèv Eta New York zouti yo bezwen pou yo reyisi nan yon klima biznis k ap chanje tout tan. Lè yo konsantre sou konpetans ak metye ki gen demand yo epi ki nesèsè jodi a ansanm ak demen, n ap bay blòk konstriksyon esansyèl ki nesèsè kounye a ak pou jenerasyon kap vini yo."

### **Benefisyè Dezyè Faz yo:**

#### **Benefisyè Prim Fonksòynman Reminerasyon pou Pèfòmans (P4P) yo:**

**Mohawk Valley Community College - Mohawk Valley - 976,000 dola:** Pwogram fòmasyon Akselere Mohawk Valley Community College la fèt pou ede jèn adilt ki otreman pa t ap kapab soti nan povrete pou yo garanti fòmasyon akselere ki ka mete yo nan yon bon karyè apre mwens pase yon ane fòmasyon, pandan an menm tan y ap abòde bezwen anplwayè tèrib yo pou travayè yo ak bati yon modèl devlopman mendèv dirab pou karyè am tèm konpetans mwayen ki enpòtan anpil pou ekonomi rejyon an. MVCC pral bay fòmasyon ki baze sou konpetans nan mekatwonik, soudi, CNC, chapant, ak masonri, pandan patnè devlopman mendèv lokal yo pral rekrute estajye epi sipòte efò plasman travay yo.

**Rochester Works - Finger Lakes: 862.000 dola:** Atravè yon kolaborasyon ak patnè fòmasyon YAMTEP, pwogram navigatè jèn ROC SEEDS Rochester Works la bay fòmasyon ak eksperyans anvan travay ki konekte patisipan yo ak opòtinite travay nan nivo debitan ak mwayen nan endistri fabrikasyon avanse a. Pwogram nan bay devlopman konpetans ki pa teknik ak anpil eksperyans pratik ak sèvis sipò elaji pou konbat baryè komen nan travay.

**Clarkson University - North Country - 729,000 dola:** Pwogram Endistri Avanse ak Mikwo-akreditasyon an nan Clarkson University pral elaji pwogram mikwo-akreditasyon ki egziste deja nan kolèj la pou enkli kou nan fabrikasyon avanse, teknoloji pwòp, ak konstriksyon ki pral lakòz gradye ki pare pou yo anboche nan domèn ki gen anpil demann yo. Nouvo mikwo-akreditasyon yo ap devlope pou satisfè bezwen patnè endistri yo, ki pran angajman pou sipòte konsepsyon kourikoulòm, bay opòtinite aprantisaj ki chita sou eksperyans, epi fè entèvyou ak gradye pwogram yo.

**Social Enterprise and Training Center - Rejyon Kapital - 485,200 dola:** Pwogram Build Up Young Filmmakers nan Sant Antrepriz Sosyal ak Fòmasyon (Social Enterprise and Training Center, SEAT) an pral bay yon fòmasyon konplè pou pèmèt jèn moun ki istorikman majinalize yo pouswiv karyè nan endistri pwodiksyon fim ak videyo a pandan

y ap ede grandi ak divèsifye sant pwodiksyon fim Rejyon Kapital la. SEAT pral bay sèvis konplè pou maksimize siksè patisipan yo, pandan ke patnè endistri yo pran angajman pou yo ede nan konsepsyon kourikoulòm, bay estaj oswa atelye, epi fè entèvyou ak gradye pwogram yo.

**SUNY Oswego - New York Santral - 340,963 dola:** Enstriktè Bootcamp nan SUNY Oswego a pral yon efò kolaborasyon ant endistri a, devlopman mendèv, ak patnè edikasyon nan rejyon New York Santral pou ogmante kantite enstriktè ki disponib pou lòt pwogram fòmasyon mendèv yo tankou Syracuse Build ak TradesFuture. Enstriktè Bootcamp lan pral ekipe ak yon estimasyon 120 nouvo pwofesyonèl nan fòmasyon ak konpetans nan pedagogi, teknoloji ansèyman, ak kreye espas aprantisaj enklizif nan mezi pou sipòte pwogram yo ki pral sipòte kwasans rapid nan sektè fabrikasyon an nan rejyon an.

**United Way of Long Island - Long Island - 249,000 dola:** Power Up Wind, Solar & Renewables United Way of Long Island lan se yon pwogram fòmasyon gratis k ap kreye chemen pou jèn adilt ki gen divès kalite kiltil pou garanti karyè nan enèji renouvlab, teknoloji pwòp, enèji ewolyèn olaj zòn kot, solè, ak fabrikasyon avanse. Pwogram nan te devlope ak opinyon patnè endistri yo pou asire ke li reponn ak bezwen endistri yo, epi pou bay stajye yo konpetans ki kapab transfere ak konpetans ke endistri yo rekonèt.

**Sant pou Opòtinite Travay - Vil New York - 193,735 dola:** Pwogram Pakou Aprantisaj Vil New York la nan kad Sant pou Opòtinite Travay (Center for Employment Opportunity, CEO) la pral bay patisipan ki enterese yo ki gen enpak sou lajistis yo konpetans preparasyon pou travay ak eksperyans travay ki nesèsè pou rantre nan yon aprantisaj sendika a, epi finalman jwi salè ki pi wo yo ak pi bon sekirite sou sit travay nan travay konstriksyon sendika yo. Yo bay patisipan yo yon opòtinite travay tranzisyon peye, yon antrenè travay, ak yon devlopè travay pou ede idantifye opòtinite travay aplentan lè pwogram lan fini.

**Sant pou Opòtinite Travay - Lwès New York - 168,750 dola:** Pwogram Pakou Aprantisaj Buffalo a nan kad Sant pou Opòtinite Travay (CEO) la pral bay patisipan ki enterese yo ki gen enpak sou lajistis yo konpetans preparasyon pou travay ak eksperyans travay ki nesèsè pou rantre nan yon aprantisaj sendika a, epi finalman jwi salè ki pi wo yo ak pi bon sekirite sou sit travay nan travay konstriksyon sendika yo. Yo bay patisipan yo yon opòtinite travay tranzisyon peye, yon antrenè travay, ak yon devlopè travay pou ede idantifye opòtinite travay aplentan lè pwogram lan fini.

**Chanm Komès North Country - North Country - 125,000 dola:** Fòmasyon soudi Chanm Komès North Country s se yon pwogram konplè gratis yo ofri an patenarya avèk Clinton Community College ak Lincoln Electric ki pral ede satisfè demann endistri lokal yo pou bès soudi ki gen gwo konpetans yo. Pwogram nan te devlope pou, epi an konsiltasyon ak, fabrikan lokal yo nan fabrikasyon avanse ak ekipman transpò, ki gen plis pase 50 ouvèti imedyà pou gradye yo.

**SUNY Cobleskill - Mohawk Valley - 86,400 dola:** Dairy Processing Bootcamp SUNY Cobleskill a pral bay mendèv nan pwosesis alimantasyon an fòmasyon sekirite ak sanitasyon anvan travay nan sijè patnè endistri letye yo idantifye ki enpòtan anpil pou prepare patisipan yo pou travay imedya. Rekritman sible atravè konsèy devlopman mendèv lokal yo ak sant refijye yo pral asire ke popilasyon majinalize yo jwenn yon chemen nan endistri lokal k ap grandi sa a.

### **Benbefisyè Prim pou Ranfòse Kapasite P4P yo:**

**Per Scholas - Vil New York - 822,000 dola:** Fòmasyon teknoloji gratis Per Scholas, ki gen ladan kou nan estil bootcamp nan sipò IT, AWS re/Start, sibèsekirite ak enjenyeri lojisyèl, kreye opòtinite karyè ak mobilite ekonomik pou Nouyòkè ki pa travay/ki pa travay ase yo. Fòmasyon ak estrateji devlopman karyè yo enfòme anplwayè yo pou asire ke gradye yo kapab adrese tandans teknoloji yo ak bezwen k ap parèt yo, pandan y ap kreye yon filyè talan ki pi divèsifye pou patnè endistri yo.

**Brooklyn Workforce Innovation - Vil New York- 201,000 dola:** Pwogram Fòmasyon Asistan Pwodiksyon "Made in NY" Brooklyn Workforce Innovation lan konekte divès Nouyòkè ki p ap travay ak ki p ap travay ase ak karyè nan pwodiksyon fim ak televizyon lè li bay fòmasyon pou konpetans pwofesyonèl ak preparasyon pou travay, ansanm ak yon chemen antre nan endistri a atravè liy dirèk plasman 24 èdtan yo a. Ansanm ak anbochaj gradye pwogram yo, patnè endistri yo enfòme ak bay fòmasyon epi bay patisipan yo eksperyans pratik ak konsèy.

**CenterState CEO - New York Santral - 128,000 dola:** Pwogram Syracuse Surge CenterState CEO a kreye kwasans ekonomik enklizif ak divèsifye yo bay fòmasyon pou karyè nivo debitan nan endidtri ki gen anpil demann yo tankou fabrikasyon avanse, teknoloji elektwo-mekanik, pwogram enfòmasyon ak sibèsekirite. Agrandisman pwogram sa yo pral bay yon filyè talan ki pi solid e ki pi divèsifye pou gwoup "teknoloji avanse" lokal la, pandan y ap bay gradye yo yon chemen pou jwenn yon travay ki estab, ki byen peye ak espas pou kwasans.

### **Benefisyè Prim Sibvansyon Kapital:**

**Questar III BOCES - Rejyon Kapital: 1,645,985 dola:** Questar III BOCES pral transfòme yon etablisman demode an yon sant fòmasyon dènnye modèl ki pral loje de pwogram komèsyal ki gen anpil demann: yon nouvo pwogram soudi ak fabrikasyon metal, ak pwogram antretyen ak operasyon ekipman lou ki egziste deja. Moun ki gen enterè nan endistri yo te idantifye nesèsite pou elaji pwogramasyon nan domèn sa yo, epi yo pran angajman pou bay estaj ak lòt opòtinite aprantisaj ki chita sou eksperyans pou stajye yo.

Biwo a ap aksepte aktivman aplikasyon pou alafwa Pwogram Sibvansyon Kapital ak Pwogram Sibvansyon Reminerasyon pou Pèfòmans epi l ap kontinye bay prim yo detanzantan. Aplikan yo ka aplike atravè Aplikasyon pou Finansman Konsolide

(Consolidated Funding Application, CFA) a, epi yo ka jwenn direktiv ak dat limit pwogram yo sou sitwèb ESD a nan <https://esd.ny.gov/workforce>.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Gouvènè Hochul te montre yon lòt fwa ankò angajman li pou devlope yon mendèv ki pral sèvi avni Eta New York. Finansman sa a pral ede travayè ki pa gen anpil travay ak travayè ki pa reprezante ase yo nan gwo karyè pandan y ap ede biznis yo jwenn talan yo bezwen pou yo pwospere. Inisyativ sa a se yon sitiyasyon gayan gayan pou tout moun, li ede mendèv Eta New York la epi li sipòte ekonomi solid nou an."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, biznis, edikasyon, ak ajans eta yo ki dirije pa Empire State Development ak Depatman Travay la ap asire Nouyòkè ki pare pou yon defi karyè yo nan pozisyon pou yo reyisi. SUNY kontan patisipe nan travay sa a, epi li felisite ekip yo nan Clinton Community College, SUNY Cobleskill, Mohawk Valley Community College, ak SUNY Oswego ke yo te chwazi nan faz sa a pou devlope fòmasyon solid ki ka satisfè demann mendèv rejyon an."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Kòm Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen kontan wè Sibvansyon Mendèv Estratejik yo pral nan divès pwogram sa yo. Gam opòtinite yo enkli fabrikasyon avanse, enèji renouvlab, ak zòn komès konstriksyon ke New York te lidè yon fwa, pral kounye a jwenn yon nouvo lavi ak prim sa yo. Sibvansyon sa yo pral kenbe travayè experimante nou yo, bay travayè ki pa travay ase yo konpetans epi bay jèn yo premye eksperyans travay yo. Mwen konnen ke devlopman ekonomik ak devlopman mendèv mache men nan men epi anons jodi a pral pozisyone fanmi nou yo ak kominote nou yo pou yon avni ki pi briyan."

**Manm Asanble Latoya Joyner,** "Ofri travayè Eta New York plis opòtinite pou fòmasyon travay gen anpil valè, espesyalman pou moun ki nan distri mwen an nan Bronx. Sibvansyon sa yo pral bay plizyè milye estajyè opòtinite pou yo aprann ladrès ki enpòtan ki pral prepare yo pou yon karyè ki dire tout lavi."

**Manm Asanble Albert Stirpe Jr., te deklare,** "Kòm Prezidan Komite Ti Biznis yo, mwen toujou tandè biznis yo ke pandan ke demann pou pwodwi yo oswa sèvis yo fò, yo manke yon fason dezespere mendèv adisyonèl ki ta pèmèt konpayi yo grandi" deklarasyon Manm Asanble Al Stirpe. "Dezyèm faz sibvansyon Kapital Devlopman Mendèv ak Reminere pou Pèfòmans lan pral ede ranfòse fòmasyon yo pou filyè travay la. Bay sibvansyon sa yo se yon sitiyasyon gayan gayan pou kominote nou yo paske li ede moun jwenn yon travay ki pwofitab epi bay patwon yo mendèv ki nesèsè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, Empire State Development ak Biwo Devlopman Mendèv Estratejik la pou travay kontinyèl yo ak investisman yo nan mendèv eta a."

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite

li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri vizite [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418